**दिन—सोमवार** **दिनांक—25.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधानसभा शीतकालीन सत्र आइ अध्यक्ष नंदकिशोर यादबक भाषणक संग शुरू भेल। दूनू सदन पांच दिवसीय सत्र उनतीस नवंबर धरि चलत। आइ पहिल दिन उप—चुनाव मे नव—निर्वाचित तीन सदस्य के विधानसभा अध्यक्ष शपथ दिऔलनि। भारतीय जनता पार्टीक —अशोक कुमार सिंह, हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक—दीपा कुमारी, आओर जनतादल यूनाईटेडक— मनोरमा देवी, शपथ लेलनि। चारिम विधायक—भाजपाक विशाल प्रशांत, काल्हि शपथ लेताह। ओतहि, उप—मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस—पच्चीस, दोसर अनुपूरक बजट पेश कयलनि। एहि मे विकास काज लेल बतीस हजार पांय सय सात करोड़ टाका देलगेल अछि। ई अनुपूरक बजट मे आयुष्मान भारत योजना लेल केन्द्रीय अंशक दू सय करोड़ टाका खर्च कयल जायत।

---

संगहि, राज्यक मेडिकल कॉलेज अस्पताल बनेबाक लेल, आठ सय एकसठि करोड़ टाका देल गेल अछि। अनुपूरक बजट पेश कयलक बाद सदनक पूर्व दिबंगत सदस्य सभ के श्रद्धांजलि अर्पित कयलक बाद विधानसभा अध्यक्ष काल्हि धरि लेल सदनक कार्यकाही स्थगित कऽ देलनि। एम्हर, विधान परिषदक कार्यवाही दिनक बारह बजे, सभापति अवधेश नारायण सिंहक सम्बोधन सँ शुरू भेल। ओ ई सत्रक सफल संचालन लेल सभ सदस्य सँ मददिक आशा जनौलनि।

---

संसदक शीताकालीन सत्रक पहिल दिन आइ दूनू सदन मे बाधा आयल। भारतीय जनता पार्टी विपक्ष पर कड़गर प्रहार कयलनि। संसदक बाहर मीडिया सँ गपशप मे पार्टीक बरिष्ठ नेता रविशंकर प्रसाद आरोप लागौलनि जे महाराष्ट्र विधानसभा चुनाव मे हारि सँ विपक्ष हताश अछि। ओ जनौलनि जे विपक्षक आचरण अनुचित अछि। दोसर दिश कांग्रेस महासचिव के. सी बेणुगोपाल जनौलनि जे एक खास समूहक खिलाफ कथित घूसक आरोप पैघ मुद्दा मे सँ एक अछि। एहि पर संसद मे चर्चा होयबाक चाही।

———————————————————————————

संविधान दिवस पूर्व संध्या पर केन्द्रीय मंत्री, सांसद ओलंपिक एथलिट आओर युवा सहित प्रतिभागी सभ आइ पद यात्रा निकाललनि। केन्द्रीय युवा मामिला आओर खेल मंत्री मनसुख मांडविया नव दिल्ली मे आयोजित– **हमारा संविधान हमारा स्वाभिमान** पदयात्रा मे भाग लेलनि। ई पद यात्रा भारतीय संविधानक संस्थापक सदस्यक सम्मान करबाक लेल आयोजित कयल गेल। एहि मौका पर केन्द्रीय मंत्री, सांसद ओलंपिक एथलीट आओर युवा सहित प्रतिभागी सभ संविधानक प्रस्तावनक शपथ सेहो लेलनि। दोसर दिस बिहार भाजपा काल्हि धुम–धाम सँ संविधान दिवस मनाओत। एहि मे प्रदेश कार्यालय सँ लऽकऽ जिला कार्यालय धरि समारोहक आयोजन कयल जायत। प्रदेश प्रवक्ता आ पूर्व विधायक मनोज शर्मा आइ जनौलनि जे संविधान दिवसक मौका पर आयोजित समारोह मे संविधानक प्रति आओर बाबा साहेब भीमराम अंबेदकरक फोटो पर पुष्पांजलि अर्पित कयल जायत। एहि मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सह बिहार राजस्व आओर भूमि–सुधार मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको गणमान्य लोकसभ भाग लेताह।

———————————————————————————

विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव सभ सँ संविधानक मूलभूत आदर्श के अपनायब आओर एहि के बेसी समोवेशी बनेबाक लेल काज करय पर जोर देलनि। श्री यादव आइ विधानसभक शीत सत्रक पहिल दिन सदन के सम्बोधित करैत जनौलनि जे देशक संविधान विविधता, एकता आओर लोकतांत्रिक आदर्शक प्रतीक अछि। एक दिश ई हमार अधिकारक रक्षा करैत अछि, तऽ दोसर दिश कर्तव्यक सेहो बोध कराबैत अछि।

———————————————————————————

प्रदेश मे एक हजार छओ सय आठ पैक्सक पहिल चरणक चुनाव काल्हि होयत। भोट भोर सात बजे सँ सांझ साढ़े चारि बजे धरि खसाओल जायत। पहिल चरण मे एक करोड़ तैईस लाख सँ बेसी मतदाता सभ भोट खसौताह। राज्य निर्वाचन प्राधिकार दिस सँ उनैस हजार आठ सय पच्चीस मतदान केन्द्र बनाओल गेल अछि। ई चरणक मतगणना सत्ताईस नवंबर कऽ होयत।

———————————————————————————

प्रदेश मे वायु प्रदुषणक स्थिति गंभीर बनल अछि। बिहार राज्य प्रदुषण नियंत्रण बोर्ड सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच कटिहार राज्यक सभ सँ बेसी प्रदुषित

शहर रहल। एतय ए.क्यू.आई–तीन सय अस्सी रहल। ओतहि, हाजीपुरक वायु गुणवत्ता सूचकांक तीन सय उनचास, किशनगंजक तीन सय तीस आओर बक्सरक तीन सय उनतीस रहल। राजधानी पटनाक ए.क्यू.आई–दू सय नब्बे रहल।

———————————————————————

समाप्त